




# Home Link - Haitian Creole



## (Lyen ak Lakay) Inite 6: Bagay ki Grandi: Semèn 4

Chè Fanmi: Nan inite sa a pítit ou pral aprann sou bagay ki grandi. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pítit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: \_\_\_\_\_

<p><b>Dekouvèt</b></p> <p><b>Pwomnad nan Jaden Biblik lan:</b> (Anrapò ak <i>Make Way for Ducklings</i>)</p> <p>Fè yon vwayaj nan Jaden Biblik la nan transpòtasyon biblik (liy tren wouj la sou ri Park Street la oswa liy tren vèt la ki al nan Arlington). Fè yon ti mache. Chèche pou stati fanmi Kanna a epi diskite avèk pítit ou an sou lòt detay li sonje nan istwa Make Way for Ducklings la.</p>	<p><b>Alfabetizasyon</b></p> <p><b>Chante Ansanm:</b> Sa a se yon chante pítit ou an dwe abitye avè l.</p> <p><b>Five Eggs and Five Eggs</b></p> <p>Five eggs and five eggs, that makes ten. Sitting on top is a mother hen. Crackly, crackle, crackle, What do you see? Ten yellow chicks, fluffy as can be. - <i>Anonymous</i></p>
<p><b>Li e Pale Ansanm (20 minit)</b></p> <p><b>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Sou ki sa w panse liv sa a pral pale?</li> <li>● Ki pati w pi renmen nan istwa a?</li> <li>● Ki premye bagay ki pase nan istwa a?</li> <li>● Ki sa w panse ki ka rive aprè?</li> <li>● Ki pèsonaj ou pi renmen?</li> </ul>	<p><b>Langaj</b></p> <p><b>Ekri ak Desine:</b> (Anrapò ak <i>Make Way for Ducklings</i>)</p> <p>Envite pítit ou an pou I fè yon desen ki anrapò ak pwomnad nou te fè nan Jaden Biblik la. Ede I make desen an.</p> <p><b>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Ki sa w sonje nan vizit nou te fè nan Jaden Biblik la?</li> <li>● Ki kote nan jaden an kanna yo te deside abite nan fen istwa a? Poukisa?</li> </ul>
<p><b>Matematik</b></p> <p><b>Jwèt Konparezon avèk Kèk Objè:</b> Mete de (2) bòl ki genyen 20 ti objè ladan yo (tankou monnen, bouchon boutèy, ti wòch, et setera). Chak jwè ap pran de (2) ponyen objè, epi y ap louvri men yo, y ap gade konbyen yo genyen nan chak men, epi y ap ajoute kantite yo ansanm. Pale sou ki kantite ki pi piti ak kilès ki pi gwo.</p> <p><b>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Ki jan w fè konnen kilès ki genyen plis?</li> <li>● Èske _____ plis pase _____?</li> </ul>	

## Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak ptit ou li yon istwa ansam. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik lokal ou a epi jwenn kèk gwo liv sou bagay k ap grandi.

Lendi \_\_\_\_ Madi \_\_\_\_ Mèkredi \_\_\_\_ Jedi \_\_\_\_ Vandredi \_\_\_\_ Samdi \_\_\_\_ Dimanch \_\_\_\_

### Liv n ape li lekòl la:

*Make Way for Ducklings*  
ekriven: Robert McCloskey

### Lòt liv ou menm ak ptit ou an kapab jwi ansanm:

*Have You Seen My Duckling?*  
ekriven: Nancy Tafuri

## Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansam nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Ducklings**” se ti kanna bebe.”
- Pandanke n ap li, poze ptit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Si polisye a pa t la, se ki jan kanna yo te kapab travèse lari a?”